



NIMEWO DOSYE WCB AN (YO)	DAT AKSIDAN AN (YO)	NON KANDIDA AN (Non, Siyati, Inisyal Dezyèm Non)
NIMEWO DOSYE KONPAYI AN.	KÒD KONPAYI AN	NON KONPAYI AN
ANTREPRIZ KI BAY TRAVAY LA		LÒT MOUN KI KONSÈNE YO

Èske reprezantan kandida an ap mande yon frè?  Wi  Non

Si repons lan se "Wi", deklarasyon an dwe vin ak yon Fòm OC-400 1 yo te deja bay kandida an.

Fòm RB-89 ki depoze nan dat \_\_\_\_\_ la retire, daprè apwobasyon Komisyón an sou Deklarasyon (si sa aplikab).

Dokiman ki siyen an deklare egzistans eleman ak konklizyon ki pwopoze pi wo yo. Chak moun ki konsène yo konnen efè jiridik deklarasyon sa genyen sou eleman oswa konklizyon ki pwopoze pi wo yo, epi yo siyen deklarasyon sa ak tout volonte yo. Si Komisyón Reparasyon pou Travay nan kad Aksidan Travay la apwouve I, deklarasyon sa ap entegre nan yon desizyon Komisyón an ap pran epi li ap obligatwa pou tout moun ki konsène yo.

SIYATI KANDIDA AN (Lank sèlman - Itilize Lank Ble si sa Posib)

DATE

AVOKA OSWA REPREZANTAN OTORIZE - TANPRI EKRI AK LÈT DETACHE

AVOKA OSWA REPREZANTAN OTORIZE - SIYATI

KONPAYI ASIRANS OSWA ANTREPRIZ KI GEN ASIRANS PA LI - TANPRI EKRI AK LÈT DETACHE

KONPAYI ASIRANS OSWA ANTREPRIZ KI GEN ASIRANS PA LI - SIYATI

MOUN KI KONSÈNE YO - TANPRI EKRI AK LÈT DETACHE

MOUN KI KONSÈNE YO - SIYATI

SIYATI JIJ KI ESPESYALIZE NAN AKSIDAN TRAVAY oswa MEDYATÈ an Siyati an obligatwa si y ap remèt fòm lan nan yon odyans.

DATE

## **12 NYCRR 300.5 Desizyon Jij ki espesyalize nan Aksidan Travay yo:**

(a) Nan demann ki gen kontestasyon yo Jij ki espesyalize nan Aksidan Travay yo pral pran yon desizyon eklere sou pwen ki gen kontestasyon yo. Desizyon sa, ki dekri prèv ki sipòte detèminasyon sa a, kapab te pran nan yon deklarasyon aloral ki ap enskri ann pwosèvèbal odyans yo, oswa ki kapab pran nan yon deklarasyon alekri ki siyen ki klase nan dokiman ki nan rejis yo

(b)(1) Moun konsène ki gen demann yo ki prezante devan Komisyón an kapab deklare eleman ki pa gen kontestasyon yo oswa konklizyon pwopoze yo. Lè yo reprezante yon kandida, yon deklarasyon kapab fèt swa nan yon deklarasyon aloral nan rejis ki nan odyans lan oswa, alekri andeyò yon odyans. Yon deklarasyon alekri dwe remèt atravè fòm oswa fòma Prezidans Komisyón an mande an. Deklarasyon an dwe endike chak moun ki konsène ki gen pou wè ak deklarasyon an:

(i) dwe te gen konesans sou efè jiridik ki genyen nan deklare eleman oswa konklizyon pwopoze ki anndan deklarasyon sa a; epi

(ii) te siyen deklarasyon sa a ak tout volonte yo. Si deklarasyon an te prezante nan odyans lan, yon Jij ki espesyalize nan Aksidan Travay dwe verifye sa ki deklare an gras ak kesyònman.

(2) Yon deklarasyon ki fèt nan yon odyans epi ki jwenn apwobasyon nan men Jij ki espesyalize nan Aksidan Travay la dwe entegre nan desizyon Jij ki espesyalize nan Aksidan Travay la epi li dwe obligatwa pou moun ki konsène yo. Yon deklarasyon alekri ki fèt andeyò yon odyans yon kandida reprezante ak tout antrepriz ki ba l travay la oswa konpayi asirans la fè dwe sibi yon revizyon epi si li jwenn apwobasyon Jij ki espesyalize nan Aksidan Travay la oswa medyatè an li dwe entegre nan yon desizyon Komisyón an ap pran. Deklarasyon sa, jan li entegre nan yon desizyon Jij ki espesyalize nan Aksidan Travay la, dwe fèt dapre dispozisyon atik 23 nan Lwa sou Reparasyon pou Travayè yo nan kad Aksidan Travay la ak atik 300.13 nan Divizyon sa, epi nan atik 22 ak 123 nan Lwa sou Reparasyon pou Travayè yo nan kad Aksidan Travay la. Prezidans Komisyón an kapab bay lòd pou deklarasyon yo soumèt nan fòma ki obligatwa an epi ki jwenn apwobasyon yon Jij ki espesyalize nan Aksidan Travay oswa medyatè fè pati desizyon Jij ki espesyalize nan Aksidan Travay la.

(3) Lè yon kandida pa gen moun pou reprezante l, li dwe fè yon deklarasyon ak sèman sou rejis yo nan yon odyans pandan l ap fè konnen li konprann eleman ki asepte yo ak efè jiridik deklarasyon aloral oswa alekri an genyen.

(4) Dispozisyon sibdivizyon sa yo pa dwe aplikab ak akò ki chita sou règleman ak detèminasyon demann pou reparasyon yo dapre atik 32 nan Lwa sou Reparasyon pou Travayè yo nan kad Aksidan Travay la ak atik 300.36 ann Divizyon sa.

(c) Nan chak demann kote andikap la depase sèt jou, Jij ki espesyalize nan Aksidan Travay la dwe detèmine si gen yon aksidan ki te fèt poutèt oswa pandan travay la oswa yon maladi pwofesyonèl yo te konstate.

(d) Jij ki espesyalize nan kad Aksidan Travay la kapab jistifye sitiyasyon kote yon doktè oswa lòt pwofesyonèl swen sante pa depoze rapò yo nan konfòmite ak egzijans sibdivizyon (4) nan atik 13-a, sibdivizyon (3) nan atik 13-k, sibdivizyon (3) nan atik 13-l ak sibdivizyon (4) nan atik 13-m nan Lwa sou Reparasyon pou Travayè yo nan kad Aksidan Travay la nenpòt lè aprè li fin kolekte temwayaj Jij ki espesyalize nan Aksidan Travay la vin estimate li nan enterè lajistik pou jistifye sitiyasyon sa, epi desizyon Jij ki espesyalize nan kad Aksidan Travay la dwe fè konnen rezon ki fè sa fèt la.

(e) Yon demann pou ranbousman dapre atik 15,nan sibdivizyon 8 nan Lwa sou Reparasyon pou Travayè yo nan kad Aksidan Travay la dwe depoze nan yon fòm Prezidans Komisyón an egzije.